



## Ayiti pèdi yon powèt wòdpòte

Literati ayisyen an pèdi yon gwo vwa, yon kokennchenn powèt nan espresyon literè lang kreyòl ayisyen an. Akademi Kreyòl Ayisyen resevwa nouvèl lanmò powèt Georges CASTERA ak anpil lapenn. Se vandredi 24 janvye 2020 Sanba Castera kite nou ak 83 rekòt kafe sou tèt li.

Powèt la te viv nan kanpe lwen anvan ane 1980 yo e li te rantre nan peyi a nan ane 1986. Depi lè sa a, li sèmante se an Ayiti l ap fè vye zo. Konsa se lakay li nan Petyonvil li rann dènye souf li.

Akote travay li kòm powèt, li te pran kèk angajman sosyal: Castera te manm Fondatè «Asosyasyon Ekriven Ayisyen», epitou li te dirije edisyon «Mémoire» pou fasilite piblikasyon zèv otè ayisyen.

Georges pa te pote plim li pou bèl lank, lè l ap teke mo pou akouche pwezi. Li fè pati premye jenerasyon powèt ane 1960 yo ki te wè nesite pou louvri chimen pou yon lòt kalite pwezi kreyòl. Poudayè se pandan li etidyan nan peyi Espay, nan lane 1960 yo, Georges CASTERA ekri *Klou gagit*, premye liv li an kreyòl. Sa montre malgre distans ki separe li ak Ayiti, Georges CASTERA te toujou pote lang pèp ayisyen an nan nanm li. Malgre li te pale/ekri espayòl, li te pito chwazi ekri nan lang peyi li. Se yon gwo siy respè pou lang li ak pou pèp ayisyen an.

Chak powèm Castera se yon kolekyon imaj, bote ak estetik ki envite lektè yo nan yon vwayaj kote pèsonn pa mande retounen. Se yon pwezi ki kenbe nou nan gòj Georges CASTERA kite pou sosyete a. Konsa, kontribisyon mapou sa a lou anpil nan pèmèt literati ayisyen an kanpe tòf. Non Castera rete tankou yon gwo pwojektè nan mond literè ayisyen an.

Tematik ki chita nan pwezi Castera yo touche kesyon ki konsène egzistans moun sou latè: lanmou, lagè, plezi, lavi, travay, fanm elatriye... Anpil mizisyen/chantè mete pwezi Castera yo an mizik. Nou ka site Wooly SAINT-LOUIS JEAN, Pierre Rigaud CHÉRY, Lodry AUGUSTIN...



Pandan powèt *Biswit Leta* janbe kite nou, Akademi Kreyòl Ayisyen salye memwa li epi pwofite pataje tristès fanmi Castera ki plonje nan gwo lapenn. Se pou nanm Castera repoze nan lapè. Kondi Akademisyen Michel-Ange Hyppolite, *nou swete powèt la jwenn bon jan frechè sou chemen peyi san chapo.*

Nan ane 2018, nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal Lang Manman (21 fevriye), Akademi Kreyòl Ayisyen, te onore powèt Georges CASTERA. Li te ofri powèt la yon plak Onè-Merit pou kontribisyon li nan devlopman ak pwomosyon Lang kreyòl ayisyen an.

AKA pwofite okazyon sa a pou li ofri lektè yo yon lòsyè nan powèm ki pote tit “**Kanmarad san non**” Georges CASTERA pibliye nan lane 1984. Tèks sa soti nan rekèy *Pye pou pye:*

*Ou fè anpil bwi  
lan fon kè nou  
gwo jwèt brital  
pou n santi ou la  
san ou pa la  
santi w ap mache lan kay la  
santi w ap vire fèy journal la  
santi w ap analize, ekri, diskite, òganize.  
Lòtrejou, nou lonmen non ou,  
nou di « si kanmarad entèl te la... »  
youn gade lòt, pase nou konnen ou la  
menm si ou pa la.*

**@ Kominikasyon AKA**